



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL RÈGLEMAN SOU PWOGRAMASYON ANPLWAYE

*Règleman yo Ap Reyalize Pwogramasyon Ki Jis, Previzib pou Travayè yo ak Fleksibilite pou Patwon yo*

*Sa Rive Apre Odyans ak Temwanyaj Travayè, Defansè, Ekspè Endistri ak Pwopriyetè Biznis yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Travay Eta a (State Labor Department) ap pwopoze règleman sou pwogramasyon “jis atan”, “nan apèl” oswa “sou apèl”, ki se pratik komen ki pèmèt patwon yo pwograme oswa anile orè travayè yo jis kèk èdtan anvan oswa menm apre ke yo kòmanse travay. Pratik sa yo souvan kite travayè yo ap monte desann chache gadri pou timoun yo epi fòse yo rate randevou yo, kou lekòl yo oswa lòt angajman enpòtan yo genyen anvan fanmi yo. Sa afekte travayè k ap travay nan magazen vant an detay yo oswa lòt sektè sèvis yo epi ki ka koute yo anpil èdtan ak peyman yo te deja genyen an bidjè a pou sa. Yon fwa yo finalize pwoteksyon orè sa yo, yo pral aplike yo toupatou atravè eta a.

“Nan New York, nou te reyalize siksè nan dwa travayè yo ki ap mennen nan nasyon an, epi nou pral kontinye batay pou pwoteje tou moun New York ki ap travay di”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Règleman ki te pwopoze pa Depatman Travay lan pral ogmante jistis pou travayè yo epi pèmèt patwon yo konsève fleksibilite.”

An Septanm, Gouvènè a [te òdone](#) Komisè Depatman Travay Eta a Roberta Reardon ansanm ak Depatman Travay lan pou yo òganize odyans piblik sou pwoblèm pwogramasyon travayè yo. Apre kat odyans ak plizyè èdtan temwanyaj ki te fèt pa travayè, defansè, ekspè endistri ak pwopriyetè biznis yo, Depatman Travay lan te devlope règleman sa yo pou bay travayè yo yon vwa nan pwòp orè yo, epi an konsekans sovgade travayè ki gen ti salè e ki pi vilnerab yo. An menm tan, biznis yo pral konsève fleksibilite ke yo bezwen pou byen fonksyone.

Pou travayè yo, règleman yo se:

- Etabli yon avi estanda 14 jou alavans pou pwogramasyon epi bay peman 2 èdtan ekstra pou atribisyon travay dènye lè yo.

- Elaji deklarasyon salè aktyèl yo de omwen kat èdtan kounye a ki enkli anilasyon dènye lè yo ak atribasyon travay ak orè sou apèl yo ki egzije travayè yo pou rete an atant pou yo vini nan travay la.

Pou patwon yo, règleman yo se:

- Bay fleksibilite nan pèmèt yo ofri nouvèl orè san yon prim pandan de premye semèn anplwa yon travayè, sa ki ap pèmèt chanjman ak ranplasman orè travayè yo san yon sanksyon poutèt anilasyon, epi pèmèt anilasyon ki an rapò ak kondisyon metewo yo san sanksyon ak yon delè avi 24 èdtan.
- Pa enpoze manda oswa entèdiksyon jeneral - patwon yo konsève kontwòl sou pratik pwogramasyon yo, epi sila yo ki bay pwogramasyon ki previzib yo pa pral gen pou peye depans konfòmite adisyonèl yo.

Ou kapab wè tout règleman yo la a: [www.labor.ny.gov/schedulingregs](http://www.labor.ny.gov/schedulingregs)

Elaborasyon règleman sa li sijè a yon peryòd kòmantè 45 jou apre publikasyon nan Rejis Eta 22 Novanm nan. Si ou ta renmen soumèt yon kòmantè sou règleman sa ke yo pwopoze a, ou kapab fè sa nan: [hearing@labor.ny.gov](mailto:hearing@labor.ny.gov)

Nan chak nan kat odyans yo, yo te koute temwanyaj patwon yo, anplwaye yo ak defansè pou toulède gwoup yo. Defansè biznis ak endistri yo te dakò ke anpil endistri bezwen fleksibilite epi patwon yo bezwen yon mekanis pou kapab ajiste lè sikonstans enprevizib yo prezante. Sikonstans sa yo kapab gen pami yo yon anplwaye ki ap absante oswa kite travay lan sanzatan akòz maladi oswa lòt sityasyon inevitab yo, reta nan livrezon materyèl yo oswa kondisyon metewo ki grav.

Travayè yo te bay temwanyaj ki konsantre sou obstak ke orè enprevizib yo te kreye pou yo. An plis, yo te ekspime fristrasyon yo akòz mank enfòmasyon nan orè yo ak difikilte ki gen pou planifye lavi yo alantou orè yo ki ap varye radikalman de semèn an semèn, yon konsekans de sa se ka revni ki pa estab. Sa kapab fè enpak konsiderab sou kapasite yon travayè pou planifye swen timoun yo epi peye pou nesosite yo.

An plis de sa, travayè yo te temwanye de reyalite kote ke yo pa't konnen jiska kèk èdtan anvan orè yo si yo pral bezwen yo, oswa eksperimente yon chanjman envolontè soudan nan orè yo. Travayè a tan pasyèl yo te ekspime ke souvan patwon yo espere ke y'ap disponib pou orè tan konplè menm lè ke yo konnen ke yo pral travay mwens ke sa, sa ki limite kapasite yo pou jwenn yon dezyèm travay si yo ta chwazi sa.

Toulède gwoup yo te ekspime vizyon ke, atravè pwogramasyon ki pi jis epi pi previzib, yo ta kapab reyalize ranplasman anplwaye ki redwi, prezans ki ogmante, lwayote travayè ki ranfòse ak yon anviwònman ki pi balanse pou anplwaye yo. Règleman yo ki te pwopoze pa Depatman Travay la abòde enkyetid travayè yo menm jan ak biznis yo, epi yo pral kreye yon anviwònman ki pi estab, konsistan pou pwogramasyon nan espas travay New York yo.

Ou kapab jwenn temwanyaj konplè ak videyo chak odyans yo sou entènèt nan: [www.labor.ny.gov/scheduling](http://www.labor.ny.gov/scheduling)

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te di,** “Nan kòmansman pwosesis sa, nou te lanse pou jwenn balans jis nan pwogramasyon pou alafwa travayè ak patwon yo. Règleman ke yo te pwopoze jodi a yo egzakteman fè sa. Mwen remèsye sila yo ki te temwanye nan odyans piblik nou yo pou enfòmasyon yo bay yo. Yo te konsidere ak anpil atansyon tout opinyon yo epi mwen fyè pou mwen anonse règleman sa yo ke mwen kwè pral favorize jistis nan patik pwogramasyon yo atravè New York”.

**Ted Potrikus, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Konsèy sou Lavant an Detay nan Eta New York (New York State Retail Council), te deklare,** “Gouvènè Cuomo ansanm ak Komisè Reardon yo te pran mezi deliberatif pou kapab atenn yon objektif ke nou pataje ak yo — ki se bay moun New York yo opòtinite travay, transparans nan orè yo, ak fleksibilite ke yo vle pandan ke y’ap ede konsesyonè yo ranpòte viktwa a epi devlope sou yon espas mache entènasyonal ki konpetitif. Jiridiksyon atravè peyi an yo te presipite tèt dwat nan pwopozisyon ki te elabore ak presipitasyon ki te dekouraje patwon yo bay estrateji pwogramasyon ke anplwaye yo vle epi bezwen jodi a. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ansanm ak Komisè Reardon poutèt yo se premye moun ki rekonèt kompleksite pwoblèm sa, epi poutèt atansyon ke yo te bay jiska jodi a pou kapab elabore yon politik ki konsistan epi inifòm pou tout antyète Eta New York”.

**Stuart Appelbaum, ki se Prezidan RWDSU, te deklare,** “Orè de sèvis yo devastan pou travayè k ap travay nan magazen vant an detay yo. Ou bezwen mete lavi w sou poz pou w ka disponib pou w al nan travay - kèlke swa si y ap rele w lè w pa pwograme oswa si y ap peye w. Si ou se yon travayè atan pasyèl, ensètitud orè ou a vle di ou pa ka fè aranjman pou yon dezyèm travay ou bezwen. Si ou se yon paran, ou pa konnen si w ap bezwen gadri pou timoun ou. Si w vle kontinye al lekòl, ou pa ka enskri pou kou yo san w pa konnen lè w ap disponib. Aksyon ke Gouvènè Cuomo te poze jodi a li ap abòde pwogramasyon apati apèl yo atravè eta a pral kreye yon lòt kouch pwoteksyon pou travayè yo, epi asire ke travayè yo pral gen plis kontwòl sou pwòp lavi yo ak kapasite yo pou fè lajan”.

###